# JALPÍ AYMAQLÍQ ÓNIM

Dáslepki maǵlıwmatlar boyınsha 2018 jıl yanvar-sentyabrda Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha jalpı aymaqlıq ónim (keyingi orınlarda JAÓ) kólemi háreketegi bahalarda 8193,9 mlrd. sumdı quradı hám 2017 jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 4,8 % ke ósti.

2018 jıldıń 9 ay juwmaqları boyınsha xalıqtıń jan basına JAÓ 4425,1 mıń sumdı quradı hám bul kórsetkish ótken jılg'a salıstırg'anda 3,3 % ke astı.

### Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓ di islep shıǵarıw

| | *mlrd. sum* | | *2017 jıl yanvar-sentyabrǵa salıstırǵanda % da* |
|---|---|---|---|
| | *2017 jıl yanvar-sentyabr* | *2018 jıl yanvar-sentyabr* | |
| **I. JAÓ** | **5873,8** | **8193,9** | **104,8** |
| *sonnan:* | | | |
| Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı | 5471,9 | 7334,3 | 104,7 |
| Ónimlerge bolǵan salıqlar | 401,9 | 859,6 | 106,5 |
| **II. Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı** | 5471,9 | 7334,3 | 104,7 |
| Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı | 860,4 | 1193,8 | 100,8 |
| Sanaat (qurılıstı qosqan halda) | 2063,3 | 3029,7 | 103,7 |
| sanaat | 1602,7 | 2437,2 | 103,5 |
| qurılıs | 460,5 | 592,5 | 104,4 |
| Xızmetler | 2548,2 | 3110,8 | 106,7 |
| sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler | 450,3 | 561,9 | 105,0 |
| tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs | 569,9 | 675,4 | 112,9 |
| basqa xızmet túrleri | 1527,9 | 1873,5 | 104,9 |

Qaraqalpaqstan Respublikası ekonomikanıń tiykarǵı tarawlarında gúzetilgen ósim pátleri JAÓ ósiwinde tiykarǵı faktor bolıp xızmet qıldı. Atap aytqanda sanaat (qurılıstı qosqan halda) -103,7 % (JAÓ quramındaǵı úlesi – 41,3%), tasıw hám saqlaw -112,9 % (9,2 %), xızmetler – 106,7 % (42,4 %) dı qúradı.

**2018 jıl yanvar- sentyabrda JAÓ niń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha ósim pátleri**



Qaraqalpaqstan Respublikası ekonomikasınıń barlıq tarawlarında jaratılǵan jalpı qosılǵan qun (JQQ) kólemi jámi JAÓ nıń 89,5 % ın, ónimlerge bolǵan salıqlar bolsa 10,5 % ın quradı.

Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı JAÓ nıń tarawlar boyınsha quramındaǵı úlesi 0,8 % punktke kemeydi hám esabat dáwirinde 16,3 % dı quradı. Sanaat (qurılıstı qosqan halda) tarawınıń úlesi 3,7 % ǵa astı hám 41,3 % dı quradı. Xızmetler tarawınıń JAÓ quramındaǵı úlesi 2018 jıl yanvar-sentyabrda 42,4 % dı quradı hám 2017 jıl tiyisli dáwiri (46,6 %) menen salıstırǵanda 4,2 % punktke kemeydi.

***Jalpı aymaqlıq ónimniń tarawlar boyınsha quramı (jámige salıstırǵanda payızda):***



Sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerdiń JAÓ quramındaǵı úlesi 7,7 % dı (2017 j. – 8,2 %), tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs – 9,2 % dı(10,4 %), xızmet kórsetiwshi basqa tarawlar – 25,5 % dı (28,0 %) quradı.

**Xızmetler tarawınıń jalpı qosılǵan qun quramı (jámige salıstırǵanda payızda):**





*Statistika jumısların shólkemlestiriw hám ulıwmalastırılǵan málimleme-tallaw jumısları bólimi*

**Tel.: (0-361) 222-74-58;**

**(0-371) 230-82-03**